



WAYNECOUNTY
HEALTH & HUMAN SERVICES

WAYNE COUNTY HEALTH DEPARTMENT

1560 Clingman Street

GOLDSBORO, NC 27534

Suzanne LeDoyen, Health Director

Phone (919) 731-1000 Fax (919) 731-1232

PWOSESIS FMLA DEPATMAN SANTE KONTE WAYNE

Pale ak patwon w sou plan ou genyen pou konje travay pou gwosès ak peryòd aprè akouchman an. Si ou kalifye, patwon w ta dwe ba w dokiman Lwa sou Konje Medikal Familyal (Family Medical Leave Act (FMLA)) ansanm ak nenpòt fòmilè sètifikasyon medikal yo mande pou apwouve konje a. Tanpri bay tout papye FMLA yo (avèk yon nimewo telefòn ki fonksyone tache) ansanm ak frè ki aplikab la bay yon manm pèsònèl Enskripsyon an pou l remèt yo bay Asistan Biwo Sante Fanm nan.

Etap 1

Anvan ou pote papye FMLA yo nan biwo Enskripsyon an, tanpri asire w ke ou fin ranpli chak pati ou menm, anplwaye a, ki gen ladan l siyati ak dat yo. Ou ta dwe gen yon deskripsyon travay tache epi pafwa yon paj piblikasyon enfòmasyon medikal ki enkli nan pake a.

Etap 2

Aprè ou fin remèt dokiman yo, sa pral pran 3 jou ouvrab pou trete Kidonk, tanpri remèt yo rapidman paske fòmilè sa yo gen tan limit.

Etap 3

Gen yon frè pwosesis \$15 dola ki dwe peye (lajan kach, chèk, oswa kat debi/kredi) bay Enskripsyon anvan yo ka trete sa yo.

Etap 4

Moun ki responsab enskripsyon an ap rele w lè fòmilè yo pare pou w vin pran yo. Se pasyan ki fè demann lan ki dwe vin pran fòmilè yo, nou pa kapab voye fòmilè yo pa faks oswa pa imèl akòz règleman HIPAA yo.

Tanpri sonje

Dokiman sa yo ap eskane nan dosye medikal ou pou ou ka resevwa yon

kopi siplemantè yon lòt lè si sa nesèsè. Pa ezite rele nan 919-705-6540 nan dat 3èm

jou ouvab apre ou fin remèt yo pou verifye estati dokiman ou yo.

Mèsi anpil pou kolaborasyon ou!!!

Lwa sou Konje Fanmi ak Medikal pou Elaji Fanmi ou

Lwa FMLA a te vin efikas **5 Out 1993**, pou pifò anplwayè ak anplwaye. Lwa sa a kouvri sèlman kèk anplwayè; li afekte sèlman anplwaye ki kalifye pou pwoteksyon lwa a; li gen ladan l dwa pou pran konje, kenbe avantaj sante pandan konje a, ak retou nan travay apre konje a; li mete kondisyon sou avi ak sètifikasyon bezwen pou konje FMLA; epi li pwoteje anplwaye ki mande oswa pran konje FMLA. Lwa a gen ladan tou kèk kondisyon pou anplwayè sou kenbe dosye.

Objektif Lwa FMLA a

Lwa FMLA a pèmèt anplwaye yo jwenn yon balans ant travay yo ak lavi fanmi yo lè yo pran yon kantite konje rezonab san peye konje san peye pou kèk rezon fanmi ak medikal. Lwa FMLA a vize reyalize objektif sa yo nan yon fason ki pran an konsiderasyon enterè lejitim anplwayè yo, epi minimize risk diskriminasyon nan travay sou baz sèks, pandan li ankouraje opòtinite travay egal pou gason ak fanm.

Kouvèti Anplwayè

Pou pran konje FMLA, ou dwe premye travay pou yon anplwayè ki kouvri pa lwa a. An jeneral, anplwayè prive ki gen omwen 50 anplwaye yo kouvri pa lwa a. Ajans gouvènman (ki gen ladan anplwayè lokal, leta, ak federal) ansanm ak lekòl primè ak segondè yo kouvri pa FMLA, kèlkeswa kantite anplwaye yo genyen.

Kalifikasyon Anplwaye

Pou kalifye pou konje FMLA, yon anplwaye **dwe travay pou yon anplwayè ki kouvri pa lwa a epi:**

te travay pou anplwayè sa a pou omwen 12 mwa; epi te travay omwen 1,250 èdtan pandan 12 mwa anvan kòmansman konje FMLA a; epi, travay nan yon kote ki gen omwen 50 anplwaye nan kote a oswa nan yon reyon 75 mil bò kote a.

Dwa pou Konje

Ou ka pran konje FMLA pou nesans yon timoun epi pou kreye lyen avèk nouvo timoun nan, oswa pou plasman yon timoun pou adopsyon oswa swen swasant epi pou kreye lyen avèk timoun sa a. Konje a dwe pran kòm yon blòk kontinyèl sof si anplwayè a dakò pèmèt konje entèmitan (pa egzanp, yon orè a tan pasyèl).

Yon anplwayè ki kouvri dwe bay yon anplwaye ki kalifye jiska yon total de **12 semèn travay konje san peye** nan yon peryòd 12 mwa. Konje FMLA se yon konje san peye. Sepandan, si ou gen tan malad, tan vakans, tan pèsònèl, elatriye, ke ou te akimile avèk anplwayè ou, ou ka itilize tan konje sa yo ansanm ak konje FMLA ou pou w kontinye touche lajan. Pou itilize konje sa yo, ou dwe swiv règleman nòmal anplwayè ou sou konje, tankou ranpli yon fòm konje oswa bay avi davans. Menm si ou pa vle itilize konje peye ou, anplwayè ou ka egzije ou itilize li pandan konje FMLA ou.

Konje Entèmitan / Orè Redwi

Anplwaye ki bezwen konje entèmitan/oswa orè redwi pou tretman medikal previzib dwe kolabore avèk anplwayè yo pou pwograme konje a san li pa twouble fonksyònman anplwayè a, anba apwobasyon founisè swen sante anplwaye a. Nan ka sa yo, anplwayè a ka transfere anplwaye a tanporèman nan yon lòt travay ki gen menm salè ak avantaj, ki pi byen adapte ak peryòd konje repete pase travay regilye anplwaye a.

Responsablite Anplwaye

Pou pran konje FMLA, ou dwe bay anplwayè ou yon avi apwopriye. Si ou konnen davans ke ou pral bezwen konje FMLA, ou dwe bay anplwayè ou yon avi omwen 30 jou an avan. Si ou aprann ou bezwen konje mwens pase 30 jou an avan, ou dwe bay anplwayè ou avi pi vit ke ou kapab.

Si anplwayè ou mande yon sètifikasyon medikal, ou genyen sèlman 15 jou kalandriye pou bay li nan pifò ka. Ou responsab pou peye depans pou jwenn sètifikasyon an nan men yon founisè swen sante epi pou asire ke sètifikasyon an remèt bay anplwayè ou. Si ou pa bay sètifikasyon medikal yo mande a, konje FMLA ou ka refize.



Sa a se yon rezime politik FMLA a; tanpri ale sou sitwèb la pou plis detay konplè.

Si ou gen kesyon sou FMLA oswa vyolasyon dwa ou, ou ka kontakte Divizyon Lajan ak Trezò Depatman Travay Etazini (WHD) nan nimewo 1-866-487-3243. Pou plis enfòmasyon vizite: <https://www.dol.gov/whd/fmla/employeeguide.pdf>